

Fè Atansyon ak Fwod Apre Siklòn yo nan Florida

Release Date: Oktòb 13, 2024

TALLAHASSEE, Fla.- Rezidan Florida yo ta dwe konnen bakoulou ak kriminel yo ka eseye jwenn lajan oswa vòlè enfòmasyon pèsònèl atravè fwod oswa vòl idantite apre siklòn Milton, Helene ak Debby. Nan kèk ka, vòlè yo ap eseye aplike pou asistans FEMA pandan yo ap itilize non, adrès ak nimewo Sekirite Sosyal yo te vòlè pou sivivan yo.

Si yon enspektè FEMA al lakay ou epi ou pa te aplike nan FEMA, kapab se itilize yo itilize enfòmasyon ou san ou pa te konnen pou yo aplike nan FEMA. Nan ka sa a, enfòmasyon enspektè a ou pa te aplike pou èd nan FEMA pou yo kapab soumèt yon demann pou kanpe tout pwosesis aplikasyon an.

Si ou pa t aplike pou asistans men ou te resevwa yon let pou asistans nan FEMA, tanpri rele Liy Èd FEMA a nan 800-621-3362. Liy èd la ap soumèt demand ou a pou yo kapab kanpe nenpòt lòt pwosesis ki pral fèt sou aplikasyon sa.

Si ou ta vle fè yon aplikasyon pou asistans nan FEMA lè ou fin fèmen yon aplikasyon ki te sou non ou san ou pa te konnen, liy èd la ap asiste w pou w kreye yon nouvo demand aplikasyon ou an.

Magouy

Ekip FEMA pou Asistans pou Sivivan Katastwòf (DSA), enspektè kay yo ak lòt ofisyèl pral travay nan zòn ki afekte nan dènye Siklòn yo. Yo genyen yon pyès idantifikasyon ofisyèl ak foto. Reprezantan FEMA yo pa janm mande moun k ap aplike pou asistans katastwòf, pou enspeksyon oswa pou èd, lajan pou yo ka ranpli aplikasyon yo. Sèvis yo gratis.

Pa bay enfòmasyon kane bank ou ak yon moun ki di li se enspektè lojman FEMA. Enspektè FEMA yo pa janm gen otorizasyon pou kolekte enfòmasyon finansye pèsònèl ou.



FEMA

Page 1 of 2

Si ou panse ou viktim yon magouy, rapòte li tousuit bay lapolis lokal ou a oswa depatman cherif la, oswa kontakte Biwo Pwokirè Jeneral Florida a ak yon apèl nan 866-9-NO-SCAM (866-966-7226) oswa ale sou myfloridalegal.com. Pou depoze yon plent pou fwod, ale sou entènèt nan Rapòte Magouy (myfloridalegal.com).

Si ou okouran sou fwod, gaspiyaj, oswa abi, ou ka rapòte yo - 24 sou 24, sèt (7) jou sou sèt (7) - nan Liy Dirèk FEMA pou Fwod Katastwòf nan 1-866-223-0814. Ou ka voye yon imèl tou bay StopFEMAFraud@fema.dhs.gov pou rapòte yon enfòmasyon.



FEMA

Page 2 of 2